Florida Breast and Cervical Cancer Early Detection Program

Patient Navigation Only (PNO) Annual Applicant Agreement

Yo itilize Akò Anyèl Aplikan (Annual Applicant Agreement, AAA) pou Navigasyon Pasyan Sèlman (Patient Navigation Only, PNO) pou jwenn otorizasyon nan men moun ki pa kalifye pou Pwogram Deteksyon Bonè Kansè nan Tete ak Kòl Matris nan Florid (Florida Breast and Cervical Cancer Early Detection Program,FBCCEDP). FBCCEDP a pral bay sèvis navigasyon pou pasyan yo epi kolekte enfòmasyon sou patisipan PNO yo.

Tanpri, fè lekti chak deklarasyon ki anba a epi siyen pou di w aksepte nan anba paj la.

Kòm yon patisipan PNO, mwen deklare ke:

1. Florid se rezidans prensipal mwen epi mwen vle vin yon kliyan nan Pwogram Deteksyon Bonè Kansè nan Tete ak Kòl Matris nan Florid (FBCCEDP), epi mwen ka sispann patisipe nenpòt kilè.

2. Mwen ap devwale tout sèvis depistaj nan tete oswa nan kòl matris pou patisipe nan PNO-FBCCEDP la.

3. **Mwen aksepte pou konplete nenpòt tès swivi nan tete nan 60 jou ak tès swivi nan kòl matris nan 90 jou.**

4. Mwen ap otorize yon echanj ak divilgasyon enfòmasyon medikal mwen ant founisè swen sante mwen, PNO-FBCCEDP, Rejis Done sou Kansè Depatman Sante nan Florid (Florida Department of Health's Cancer Data Registry), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) yo, ak lòt ki gen rapò ak swen sante mwen. Enfòmasyon sa yo ka gen ladan istwa (antesedan) medikal, egzamen ak rezilta pwosedi yo.

5. Mwen aksepte pou PNO-FBCCEDP kontakte mwen nan telefòn lakay mwen, telefòn mobil, imèl oswa kourye lapòs.

6. Akò sa se pou **yon** ane.

Si ou gen nenpòt kesyon, kontakte Kowòdonatè Rejyonal lokal ou a nan biwo lokal FBCCEDP a nan:

Non FBCCEDP Rejyonal Lokal la: Rejyonal FBCCEDP Sarasota nan Konte Lee

Nimewo telefòn: (239) 332-9535

_____	_____
Siyati kliyan an	Dat
_____	_____
Ekri non an lèt detache	Dat ou fèt

Adrès imèl kliyan an: _____